



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Anons lanmò Akademisyèn

Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) ap anonse ak anpil lapenn lanmò Akademisyèn **Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES** ki janbe apre li te fin goumen ak yon maladi ki finalman pote li ale 29 jen 2023, nan vil Boston (Etazini).

Anvan li vin Akademisyèn, Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES te pase yon bon pati nan vi li ap travay nan fè pwomosyon lang kreyòl ayisyen an, sitou nan domèn edikasyon. Li patisipe nan montre moun li ak ekri kreyòl epi pote kontribisyon li nan konsepsyon materyèl didaktik ak pedagojik.

Akademisyèn, Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES gen yon fòmasyon inivèsitè nan lèt klasik ak nan òganizasyon ak jesyon pwojè. Vis Dwayen nan *Faculté des Lettres et des Sciences Humaines-FLESH (UNDH)*, se dènye pòs li te okipe.

Akademisyèn nan fèt Kanperen (Depatman Sid, Ayiti) 31 janvyè 1964. Apre plis pase trant (30) lane l ap travay nan domèn edikasyon, li te antre nan Akademi Kreyòl Ayisyen nan dat 30 jen 2022. Se **Inivèsite Leta Ayiti** ki te pwopoze kandidati li pou li vin manm enstitisyon an. Malgre li te nouvo, li te gen yon patisipasyon aktif nan divès aktivite Akademi an.

AKA pwofite pou li rapòte yon lòsyè nan pawòl Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLES lan nan moman li te poze kandidati li pou li te vin Akademisyèn: *«Se tout rèv mwen pou ede flanbo a limen pi lwen paske konprann yon lang, eksprime lide w ladan, etidye fonsyònman l, se tout travay sa yo kreyasyon ak aksyon Akademi Kreyòl Ayisyen an (AKA) dwe pote. Alòs, etid sou sistèm kominikasyon ki pèmèt nou eksprime lide nou pi byen dwe fè wout li. Regularize ekriti lang kreyòl la selon nòm lengwistik yo dwe pote fwi. Tout sa enpòtan pou evolisyon lang kreyòl la».*

Akademi Kreyòl Ayisyen (AKA) swete fanmi, zanmi, kòlèg ak etidyan Akademisyèn **Marie-Jeanne Léo LOUIS-CHARLE** yo kondoleyans, pandan l ap ankouraje tout moun pou yo kontinye rapousuiv bèl travay Akademisyèn nan te kòmanse.